# FOLKLORLÍQ SHÍǴARMALARDA ANTROPONIMLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ
## (Qırq qız dástanı mısalında)

**Úmitxan Yusupova,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń*
*I basqısh tayanısh doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902872

***Annotaciya:*** *Maqalada onomastikalıq birlikler, ásirese antroponimlerdiń lingvistikalıq tábiyatı úyreniledi. Izertlewde onomastikalıq birliklerdiń jasalıw modelleri hám olardıń kórkem teksttegi semantikalıq júgi analizlengen. Jáne de dástanlar tilindegi antroponimlerdiń jasalıwına hám qollanılıwına toqtap óttik.*

***Gilt sózler:*** *onomastika, antroponim, struktura, semantika, stilistika, kórkem tekst, qaraqalpaq tili.*

***Аннотация:*** *В исследовании анализируются авторское мастерство в наречении персонажей, модели образования ономастических единиц и их семантическая нагрузка в художественном тексте. В статье раскрываются стилистические функции антропонимов в создании художественного образа и передаче духа эпохи.*

***Ключевые слова:*** *ономастика, антропоним, структура, семантика, стилистика, художественный текст, каракалпакский язык.*

***Annotaciya:*** *The research analyzes the author's skill in naming characters, the models of formation of onomastic units, and their semantic load in a literary text. The article reveals the stylistic functions of anthroponyms in creating an artistic image and conveying the spirit of the era.*

***Keywords:*** *onomastics, anthroponym, structure, semantics, stylistics, literary text, Karakalpak language.*

Antroponimika - onomastika iliminiń bir shaqabı bolıp, menshikli adam atların izertleytuǵın ilim. Ol menshikli adam atlarınıń quramın diaxronikalıq hám sinxronikalıq jaqtan olardıń kelip shıǵıw nızamlıqların, tillik qatlamın, qurılısın, mánilik ózgesheliklerin h.t.b. táreplerin lingvistikalıq planda izertleydi hám úyrenedi. Sonday-aq, antroponimler ózine tán lingvistikalıq birlik bolıp ózine tán lingvistikalıq ózgesheliklerdi ózinde jámleydi. Qaraqalpaq atlarınıń grammatikalıq dúzilisi tildiń morfologiyalıq hám sintaksislik nızamlarına boysınadı.

Qaraqalpaqsha adam atlarınıń izertleniwiniń tiykarǵı deregi N.A.Baskakovtıń miynetindegi kórsetpeler bolıp tabıladı dep esaplasaq qátelespeymiz. Sebebi, ol óziniń «Qaraqalpaq tili» atlı kólemli ilimiy miynetinde birinshi bolıp, qaraqalpaq toponimikası hám onomastikasın izertlewdiń oǵada zárúr ekenligin atap kórsetedi. Usı miynettiń birinshi tomınıń sońınan qaraqalpaqsha adam atlarınıń dizimin beredi. Bular qaraqalpaq antroponimikası boyınsha aytılǵan dáslepki ilimiy pikirler hám jıynalǵan materiallar edi. Sońınan avtordıń usı materiallar tiykarında «Element», «Gúl», «роза», «цветок» в составе каракалпакских женских имен» atlı maqalası

shıqtı. Ol bul maqalasında «gúl» komponentiniń hayal qızlarǵa baylanıslı menshikli atlardıń qurılısında úsh túrli variantta qollanılatuǵınlıǵın hám semantikalıq jaqtan olardıń jasalıw jolların ashıp kórsetedi. Máselen, avtor bul komponenttiń oǵada jiyi qollanılatuǵınlıǵın ayta kelip, adam atlarınıń quramındaǵı ornalasıw tártibine qaray tómendegi variantlarǵa bóledi*:*

*I. At+gúl, Alma+gúl, Nar+gúl, Dári+gúl;*

*II. At+gúl//Gúl+at: Gúl+bazar//Bazar+gúl, Gúl-biybi Biybi+gúl, Gúl+sara, Sara+gúl h.t.b.*

*III. Gúl+at: Gúl+sanem, Gúl+ziyra, Gúl+ziyba*

Bul maqala qaraqalpaq antroponimleri boyınsha islengen tunǵısh ilimiy jumıs boldı. [8. 6-bet].

Kórkem shıǵarma tilindegi onomastikalıq birlikler, sonday-aq antroponimler (adam atları), toponimler (jer-suw atları) hám etnonimler (ruw-qáwim atları) tek ǵana ataw xızmetin atqarıp qoymastan, bálki shıǵarmanıń ideyalıq-estetikalıq táreplerin de asıradi.

Biz bul izertlew jumısımızda folklorlıq shıǵarmalarda antroponimlerdiń qollanılıwına toqtap ótemiz. (Qırq qız dástani mısalında). "Qırq qız" dástanında tómendegi antroponimler ushırasadı: Gúlayım. Altınay, Arıslan, Surtaysha, Otbasqan, Nadirsha, Amanbay, Amanqul, Allayar, Begzada, S arbinaz, Áshir, Sáyeke shunaq, Jurın, Qulımsay, Aqsulıw, Qodar, Aliy biy, Alım biy, Kekse biy, Saqır biy, Sárbiy, Altınbay. Dástanda qollanılǵan adam atları, olardıń laqapları ózine tán bolǵan ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Birinshiden, bul

antroponimler tariyxıy shıǵısı, ańlatatuǵın mánisi boyınsha ajırals a, ekinshiden, qurılısına qaray ajıraladı. Dástanda qollanılǵan adam atlarınıń ayırımlarına toqtap ótemiz: «Gúlayım» antroponim. Bul antroponim dástanda «Hár kim ashıq Gúlayimnıń ózine» degen qatarda jumsalǵan. Antroponimlerdi izertlewshi ilimpazlardıń pikirinshe eń eski antroponimler áyyemgi adamlardıń dúnya tanıwına, mádeniyatına, diniy isenimine baylanıslı kúnge, ayǵa, otqa arnap qoyılǵan adam atları bolıp tabıladı. Dúnyadaǵı kópshilik xalıqlarda qurılısında kún, ay sıńarı bar adam atları eń kóp taralǵan antroponimlerden bolıp tabıladı. Qaraqalpaq tilindegi adam atlarında da «ay» sıńarı kóbirek ushırasadı: Ayjamal, Aysholpan, Ayjan, Aysara, Aymeken, Ayparsha, Aysulıw, Ayxan, Ayzada, Aynazar, Ayman, Aymurat, Ayjarıq, Aymurza. h.t.b. Qashgariydiń DLT miynetinde Ay degen hayal adamnıń atı ushırasadı [Qashǵariy. 193].

Solay etip, biziń pikirimizshe dástandaǵı «Gúlayım», «Altınay» antroponimlerin olardaǵı «Ay» degen sıńarına baylanıslı eski dáwirlerden tilimizde saqlanıp kiyatırǵan

antroponimler dep qarawǵa boladı. «Gúlayım» antroponimi qurılısı boyınsha «gúl» ham «ayım» degen eki mánili sózden ibarat, tariyxıy shıǵısı boyınsha birinshi sıńarı parsı tiliniń elementi, «gúl», «svetok» ekinshi sıńarı túpkilikli túrkiy sózi bolıp tabıladı.

**«Altınay»** antroponimi. Bul antroponim «Jasınan-aq Altınay, aǵasına dos edi degen mısalda jumsalǵan. Bul antroponimniń ekinshi sıńarı tuwralı joqarıda aytıp óttik. Al «altın» sózinin tariyxıy shıǵısı boyınsha ilimpazlardın miynetlerinde hár qıylı pikirlerdi ushıratıwǵa boladı. Prof. S.E. Malov ham P.M. Melioranskiy «altın» sózin altay tilleri yaǵnıy túrkiy, mongol, tungus-manchjur tilleri ushın ortaq leksikalıq birlik dep qaraydı.

**«Surtaysha» antroponimi.** Surtayshaday qalmaqtıń, kewli suwday tasadı. «Surtaysha» antroponimi bir qansha keńirek toqtawdı talap etedi, sebebi, «taysha» sózi qaraqalpaq xalqınıń basqa dástanlarında da ushırasadı. Máselen, «Alpamıs» dástanındaǵı Tayshaxan. Biziń pikirimizshe, «Surtaysha» antroponimi menshikli atlıq emes, al ǵalabalıq atlıq, anıǵıraǵı laqap bolıp tabıladı. Antroponimniń birinshi komponenti túpkilikli túrkiy sozi, zattıń túr-túsin, reńin bildiriwshi kelbetlik sóz. Mıs: sur reń, túri sup-sur h.t.b. Awıspalı mánide ol «jawız, qatal» degen máni ańlatadı.

Sonlıqtan dushpan xanlarına ózleriniń jek kóriwshiligin ańlatıw ushın xalıq olardıń atınıń aldına «sum» sózin qosıp aytqan bolıwı kerek. «Surtaysha» antroponimi dástanda ayırım orınlarda «Sursha» dep te, «Taysha» dep te qollanılǵan. Al, ekinshi sıńarı «talsha» sózi bizińshe túrkiy yamasa mongol tilleriniń sózi emes, al qıtay tilinin elemeti bolıp tabıladı. Birinshiden, «taysha» qıtay tilindegi «tanchao» degen sóz benen baylanıslı bolıwı múmkin. «Tanchao» sózi «tan» hám «chao» degen sózlerden ibarat bolıp, «tan» - tan qáwimleri degendi, al «chao» - dinastiya degendi ańlatadı, yaǵnıy « Tan dinastiyası» degendı bildiredi. Tayshalar usı Tan dinastiyasınan shıqqan el basqarıwshıları bolıwı múmkin. Akademik V.V. Radlov bul Tan dinastiyası tuwralı bılay dep jazadı: «… В историй династий Тань (618-907 гг.) находится довольно обьемистая статья о Северный Хой-ху. Китайцы упоминают XIV уйгурских ханов и сообщают, что 11 из них императоры династий Тань жаловали почетные титулы. Титулы эти состоят из 7-16 иероглифов, обозначающих, как видно, на первый взгляд, ряд уйгурских слова.» [Radlov. 1890]. Demek, «tanchaoxan», «Tayshaxan», «Surtaysha», «Tan dinastiyasınan» shıqqan xan, - degendi bildiredi.

Ekinshiden, «taysha» sózi qıtay tilindegi «tyanji» (táńir) sózinen alıńǵan bolıwı múmkin. Tayshalar táńirge tabınıwshı, anıǵıraǵı tańba tabınıwshı qáwimlerdiń xanları da bolıwı múmkin: Tyanjixan, Tańirxan, Tayshaxan, Surtaysha, Tańirge tabınıwshı xan.

Úshinshiden, «taysha» sózi qıtay tilindegi «tayshu» degen sóz benen baylanıslı bolıwı da múmkin. «Tayshu» sózi qıtay tilinde «abıraylı, bay, ataqlı adamnıń balası» degendi ańlatadı. Solay etip, «taysha» sózi mongol tillerine qitay tillerinen kirip kelgen. Bul sóz túrkiy tillerinen shıǵıs gunn shaqapshasına kiretuǵın haqas tilinde de ushırasadı. Haqas xalqınıń eposlarınıń biri «Altın Taychi» dep ataladı.

**«Arıslan»** antroponimi. Atam atap qoyǵan atım Arıslan. Haywanatlar menen quslardıń atına baylanıslı qoyılǵan adam atları da eski antroponimlerge jatadı, sebebi olar ózlerinde áyyemgi adamlardıń mádeniyatın, diniy kózqarasların, isenimlerin sáwlelendiredi. Qashǵariydiń «DLT» miynetinde «Arıslan xanı» degen antroponim qollanılǵan [Qashǵariy. 357].

**Nádirsha antroponimi.** Nádirsha degen bar edi. Bul antroponim tariyxta bolǵan adam - XVIII ásirdegi Irannıń patshası Nadir shahtıń atı menen tıǵız baylanıslı. Bul antroponim qurılısı jaǵınan eki sıńardan ibarat: Nádir hám shah. Antroponimnıń birinshi sıńarı «nádir» arabsha sóz bolıp «siyrek ushırasatuǵın, ájayıp" mánisin, «shah» - xan, patsha mánisin ańlatıp, «Nádirsha» antroponimi «siyrek ushırasatuǵın ájayıp patsha» degendi bildiredi [1. 111]. Bul antroponimdi ilimpaz A.Gafurov bılayınsha túsindiredi:

Dástannıń tilinde túrkiy xalıqlarına ortaq antroponimler menen birge mádeniy, siyasiy hám ekonomikalıq qatnaslardıń nátiyjesinde mongol, qıtay tillerinen ózlestirilgen sózler tiykarında jasalǵan antroponimler de ushırasadı. Ásirese, Orta Aziyanı arablar jawlap alǵannan keyin bul jerdegi jasawshı xalıqlardıń tillerine arab-parsı tillerinen sózler, sonıń menen birge adam atları da ózlestirildi. Bunday antroponimler basqa dástanlarda hám kórkem shıǵarmalarda da orın alǵan.

Juwmaqlap aytqanda, onomastikanıń bir tarawı bolǵan antrotoponimlerdi ilimiy aspektte izertlew búgingi til biliminin eń aktual máselelerinen biri esaplanadı.

**Paydalanılgan adebiyatlar:**

1. Ábdinazimov Sh. Lingvofolkloristika. Tashkent, 2018.
2. Ábdinazimov Sh. Antroponimler tariyxtı sóylegende. Ámiwdárya jurnalı, 1989. 4-san.
3. Ayimbetov Q. Xalıq danalıǵı. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1988.
4. Abdiev A. Alpamıs dástanında toponimlerdiń qollanılıwı. Xabarshı jurnalı, 2008. 22-san.
5. Berdimuratov E. Házirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. Nókis, 1994.
6. Dáwletov A., Qudaybergenov M. Qaraqalpaq til biliminiń tariyxı. Nókis, 2001.
7. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq. Nókis, Ilim. 2010.
8. Sayımbetov O. Qaraqalpaq onomastikası. Nókis, 2012.